


NeMutungamiri Thomas S. Monson



Vaporofita Vekutitungamirira

Makore mashoma akapfuura, ndainge ndakagara mumupanda wemuTemberu yeSalt Lake umu. Mutungamiri Vekutanga neChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri mavanosangana kamwe pasvondo. Ndakatarisa kumusoro pamadziro anonongedzana neVatungamiri Vekutanga, uye ipapo ndakaona mifananidzo yeumwe neumwe weVatungamiri veChechi.

Apo ndaitarira kwavari, avo vandinotevera—kubva kunaMuporofita Joseph Smith (1805–44) kusvika kunaMutungamiri Gordon B. Hinckley (1910–2008)—ndakafunga, “Kutenda kwandinoita chose nenhungamiriro yeumwe neumwe wavo.”

Ava varume vakuru vasina kumbozungunuka, kana kuzengurira uye kana kumbokundikana Ava varume vaMwari. Apo pandinofunga nezvevaporofita venguva ino vandakaziva uye ndikada, ndinorangarira hupenyu hwavo, hunhu hwavo uye dzidziso dzavo dzakafemerwa.

Mutungamiri Heber J. Grant (1856–1945) vaive Mutungamiri weChechi apo pandakazvarwa. Apo pandinofunga pamusoro pehupenyu hwavo nedzidziso dzavo, ndinodavira kuti hunhu hweMutungamiri Grant hwavaitaridza nguva dzose hwaive hwekutsungirira—kutsungirira muzvinyu izvozvo zvakanaka uye zvakarurama.

Mutungamiri George Albert Smith (1870–1951) wai-ve Mutungamiri weChechi panguva iyo pandakashanda sabhishopi wewadhi yangu muSalt Lake City. Vakaona kuti paive nemakakatanwa makuru ainge achiitika pakati paIshe nemuvengi. “Kana ukagara uri kudivi raIshe

remakakatanwa,” vakadzidzisa, “uchava pasi pekurudziro yavo uye hauzombova nechido chekuita zvakaipa.”¹

Ndakasheedzwa kuzoshanda senhengo yeChikwata chevaneGumi nemaviri mugore ra1963 neMutungamiri David O. McKay (1873–1970). Vakadzidzisa kufunga vamwe vanhu kuburikidza nenzira yavairarama upenyu hwavo. “ChiKristu chechokwadi,” vakati, “irudo rwurikushanda.”²

Mutungamiri Joseph Fielding Smith (1876–1972), mumwe wevanyori vemabhuku akawanda veChechi, semusimbote wokutungamirirwa muupenyu hwavo vaikoshesa dzidzo yevhangeri. Vaiverenga magwaro matsvene kasingaperi uye vainyatsoziva fundiso nedzidziso zvinowanikwa mumapeji awo kupfuura ani naani zvake wandinoziva.

Mutungamiri Harold B. Lee (1899–1973) vakashanda seMutungamiri wangu wesiteki apo pandainge ndichiri mukomana mudiki. Chimwe chitapwa chavo chavainyanyofarira chaiva chokuti “Mirai imi munzvimbo tsvene, uye musabviswe.”³ Vaikurudzira Vatendi kuti vave vakakodzera, uye vanoteerera, kuzevezero dzeMweya Mutsvene.

Ndinotenda kuti musimbote waitungamirira muupenyu hweMutungamiri Spencer W. Kimball (1895–1985) yaive kuzvipira. Vaive vakazvipira kuna Ishe, zviripachena zvize-re. Vaive vakazvipirawo mukurarama vhangeri.

Apo Mutungamiri Ezra Taft Benson (1899–1994) pavakava Mutungamiri weChechi, vakandisheedza kuti ndishande seMutevedzeri weChipiri wavo Muhutungamiri Hwekutanga. Rudo ndirwo rwaive musimbote waivatungamirira, runova rwuri mukati mechitapwa chavo chavainyanyofarira,

chakaturwa neMuponesi: “Makafanira kuve vanhu vakaita seiko? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, sezvandakaita ini.”⁴

Mutungamiri Howard W. Hunter (1907–95) vaive mumwe munhu aitsvaga nguva dzose zvakanakisa mune vamwe. Vaive noruremekedzo nguva dzose; uye vaive vakazvinipisa nguva dzose. Ndakava nerombo rakanaka rekushanda seMutevedzeri wavo weChipiriri.

Mutungamiri Gordon B. Hinckley vakatidzidzisa kuita zvose zvatinogona. Vakapa uchapupu hwakasimba pamusoro peMuponesi nebasa Rake. Vakatidzidzisa nerudo. Kushanda seMutevedzeri weKutanga wavo zvakave ruremekedzo uye chikomborero kwandiri.

Muponesi anotumira vaporofita nokuti Anotida. Panguva yemusangano mukuru mumwedzi uno waGumiguru, Vatungamiri Vakuru veChechi vachava zvakare nemukana wekugovera shoko Rake. Tinitora basa iri noruremekedzo rukuru nekuzvinipisa kukuru.

Takakomborerwa nekuti Chechi yaJesusu Kristu yakadzorerwa iripano panyika uye kuti Chechi yakamisirwa pahwaro hwedombo rezvakazarurwa. Zvakazarurwa zvinoenderera zvakanakisa ndizvo hupenyu hwevhangeri raJesusu Kristu.

Ngatigadzirirei kugamuchira zvakanakisa zvako pachako zvinouya nehupenyu panguva yemusangano mukuru. Mwoyo yedu ngaizadzwe nehushingi hwakasimba apo patinosimudza maoko edu kutsigira vaporofita nevaapostori vanorarama. Ngatijekeserwei, nekusimudzirwa, nekunyaradzwa uye nekusimbaradzwa apo patichateerera kumashoko avo. Uye ngative takagadzirira kuzvipiravze kunaIshe Jesu Kristu—kuvhangeri Ravo uye basa Ravo—uye tigozorarama neushingi hwakavandudzwa hwekuda kuchengetedza mirairo Yavo uye nekuita zvivo Zvavo.

ZVIMWE ZVINYORWA

1. [*Teachings of Presidents of the Church: George Albert Smith* (2011), 191.
2. [*Teachings of Presidents of the Church: David O MacKay* (2003), 181.
3. Dzidziso neZvibvumirano 87:8
4. 3 Nifai 27:27.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Monson vanogovera dzidziso dzakasimba idzo dzavakadzidza kubva kune vaporofita veku-mashure kwavo. Vanotiyeuchidzawo kuti “Muponesi

anotumira vaporofita nokuti Anotida.” Mukushanyira avo vaunodzidzisa, ungangogona kukurukura kuti vaporofita nevaapostori zvitaridzo sei zverudo rwa-Mwari kwatiri. Funga kugovera rairo kubva kune imwe yemharidzo yaMutungamiri Monson yemusangano mukuru wakapfuura. Koka avo vaunodzidzisa kuti vagadzirire musangano mukuru unotevera nekudzokorora kuverenga nhaurwa dzakavakurudzira uye dzakavabatsira kuti vanzwe rudo rweMuponesi.

VECHIDIKI

Tinokutendai, Mwari neMuporofita

Muporofita wedu, Mutungamiri Thomas S. Monson, vanokukurudzira sei? Chii chaucharangarira kunyanya pamusoro pavo? Funga kunyora mujonari mako pamusoro peMutungamiri Monson nezvehupenyu hwavo—sekutsanangura kwavanoita mushoko rino kuruziro yemaporofita umwe neumwe wavanorangarira *ivo*.

Unogonawo kusarudza chitapwa chemanzwi chaudi-nodisa kubva kwavari uye ugochinyora apo paunogona kuchiona nguva zhinji, sekunge pamupendero webhuku rekuchikoro kana pakabepa kaunoisa mumupanda mako. Unogona kunyange kugadzira mufanidzo uchishandisa chitapwa ichocho uye kwakuwuisa pachitaridzo runhare rwako. Nguva yoga yoga yauchona chitapwa ichi, unogona kufunga pamusoro pekukosha kwemuporofita anorarama uye nekurangarira kuti aripo kuti atide nekutitungamirira nhasi.

Unogona kutora rwiyo kubva paInternet rwunonzi “Tinokutendai Mwari, neMuporofita” palds.org/go/9176.

VANA

Vaporofita Vanotitungamirira kunaKristu

Muponesi anotipa vaporofita nokuti Anotida. Kutevera vaporofita kunotibatsira kusarudza zvakakanaka. Ndezvipi zvinhu zviviri zvaungakwanise kuita kuti utevere muporofita?



Vaine Mwoyo Mumwechete

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga femero yekuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa chinangwa cheChita cheRubatsiro kunozogadzirira sei vanasikana vaMwari kuwana maropafadzo ehupenyu husingaperi?

Rutendo Mhuri Rubatsiro

“Uye Ishe vakadaidza vanhu vavo kuti Zioni, nokuti vakanga vaine mwoyo mumwechete nepfungwa imwechete, uye vachigara muururami; uye pakanga pasina murombo pakati pavo” (Moses 7:18). Tinogona sei kuva vamwechete?

Gosa M. Russell Ballard weChikwata cheVaapostori vaneGumi neVaviri vakati, “Pakati pezwi reChirungu rinotirudzikinuro pane izwi rinotimumwechete. Dai vanhu vose vainzwisisa izvi, hapaizova kana mumwe munhu wataitadza kushaira hanya, zvisinei nezera, rudzi, kuti munhui, chitendero, kana chinzvimbo chake maagere kana hupfumi hwake. Taizoedza kutevedzera Muponesi uye hataizombova nehu-tsinye, tisina hanya, tisingaremeke-dzi, kana kusanzwira vamwe tsitsi.”¹

Mutungamiri Henry B. Eyring, Mutevedzeri weKutanga Muhutungamiri Hwekutanga, vakadzidzisa kuti: “Apo vanhu pavaine Mweya mutsvene mavari, vangangotarisi-ra kuyanana. . . Mweya waMwari haumbofa wakakonzera kukakavadzana (ona 3 Nifai 11:29). . . .

Unotungamirira kurunyararo rwe-munhu pachako uye nemanzwiwo ekubatana nevamwe.”²

Vachitaura nezvematambudziko emumhuri, Carole M Stephens, uyo akashanda seMutevedzeri Wekutanga muHutungamiri weChita cheRubatsiro, akati: “Handina kumborarama mukurambana kwevakaroorana, marwadzo nekusagadzikana zvinouya nekusiwa pachena, kana mutoro unowanikwa nekuve amai vasina murume. Handisati ndambosangana nekufirwa nemwana, kushaya mbereko, kana kunzwa kuda zvehungochani. Handina kumbosangana nekubatwa zvakaipa, kurwara nede-nda risingarapike, kana kuva nhapwa yehavi. Izvi hazvina kuva mikana yangu yekuedzwa.

“ . . . Asi kuburikidza nezvangu pachangu zviedzo nematambudziko . . . ndave nekuzivana zvikuru nezveUyo anonzwisisa. . . . Uye pamusoro pezvo, , ndakasangana nematambudziko ose ehupenyu ayo andabva kudoma nekuda kwekuona zvichiitika kumwanasikana, amai, ambuya, mukoma kana

munin’ina, tete, amainini kana amaiguru uye shamwari.

“Mukana wedu sevanasikana vaMwari vanochengetedza zvibvumirano hauzi chete wekudzidza kubva mumatambudziko edu pachedu; ndewekuva tinobatana mukuzviisawo mukutambudzikira uye nekunzwira tsitsi apo patinobatsira dzimwe nhengo dzemhuri yaMwari mumatambudziko adzo.”³

Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene neRuzivo

Johane 17:20–23; VaEfeso 4:15; Mosaya 18:21–22; 4 Nifai 1:15; reliefsociety.lds.org

ZVIMWE ZVINYORWA

1. M. Russell Ballard, “Men and Women in the Work of the Lord,” *Liahona*, Chivabvu 2004, 86.
2. Henry B. Eyring, “That We May Be One,” *Ensign*, Chivabvu 1998, 67.
3. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, Chivabvu 2015, 11–12.

Funga Izvi

Kubatana nevamwe kunotibatsira sei kuti tive vamwe naMwari?